

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3. 1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan, gumantung kana tujuan panalungtikan jeung sipat pasualan anu digarap. Dumasar kana éta pamadegan, panyusun ngagunakeun méthode déskriptif. Panyusun miboga pamaksudan pikeun nepikeun jeung ngabahas ngeunaan ajén-inajén dina upacara tradisi Nyuguh, hususna ajén palsapah simbol dina upacara tradisi Nyuduh di Kampung Kuta pikeun bahan pangajaran di SMA.

3. 2 Téhnik Panalungtikan

Sangkan panalungtikan budaya ieu bisa lumangsung kalayan lancar. Panalungtikan budaya ieu dibagi jadi dua téhnik panalungtikan, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data, panalungtik ngagunakeun sababaraha téhnik ngumpulkeun data, diantarana nya éta téhnik obsérvasi, wawancara, jeung studi pustaka. Obsérvasi nya éta ngalaksanakeun pengamatan langsung ka lapangan pikeun meunangkeun data anu *valid*. Dina téhnik ieu ogé panalungtik ngagunakeun média nu bisa ngarojong prosés panalungtikan, diantarana kaméra jeung Hp. Wawancara dilaksanakeun pikeun meunangkeun data langsung ti informan atawa tokoh masarakat nu mikawanoh langsung kana data-data nu baris

dikumpulkeun. Studi pustaka, pikeun meunangkeun data nu sipatna dokumén (data gambar-gambar atawa tinulis).


3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, aya léngkah-léngkah ngolah data anu dikumpulkeun, diantarana:

- 1) Mikawanoh kana sajarah upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis.
- 2) Ngungkab ajén palsapah anu aya dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis.
- 3) Ngajéntrékeun luyu henteuna ajén palsapah dina simbol-simbol upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta pikeun dipakaitkeun jeung pangajaran basa Sunda di SMA.
- 4) Nyusun kacindekan hasil panalungtikan.

3.3 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan ieu kagambar sakumaha bagan di handap ieu:



Gambar 3.1 Desain Panalungtikan

3.4 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.4.1 Populasi

Panalungtikan ieu kaasup dina wengkuan panalungtikan kualitatif. Ku kituna teu ngagunakeun populasi, kusabab minangka kasus tina situasi sosial anu tangtu, jeung hasil panalungtikana moal dilarapleun ka populasi, tapi di *transfer* ka tempat séjén anu miboga kaayaan sosial jeung kasus anu mirip (Sugiyono, 2009:298).

3.4.2 Sampel

Sumber dina panalungtikan disebut nara sumber, partisipan, informan, atawa disebut sample teoritis kusabab panalungtikan ieu pikeun ngahasilkeun teori (Sugiyono, 2009:298). Sample dina ieu panalungtikan nya éta kuncén, ketua adat, ketua RW, ketua RT sarta aparat Désa Karangpaningal salaku tokoh-tokoh masarakat Kampung Kuta anu dianggap paling apal kana kaayaan sosial di Kampung Kuta.

3. 5 Sumber Data

Dina ieu panalungtikan, sumber data anu digunakeun pikeun meunangkeun data panalungtikan. Anu jadi sumber data nya éta:

- 1) Data ti sesepuh Kampung Kuta, Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis, sangkan panalungtikan bisa bener-bener wanoh kalayan jero kana hal anu bakal ditalungtik.
- 2) Data ti Dinas Pariwisata & Kebudayaan Kabupatén Ciamis, pikeun référénsi buku nu ngarojong kana bahan panalungtikan.

- 3) Data ti masarakat Kampung Kuta, Désa Karangpanginal Kacamatan Tambaksari anu apal kana uapacara tradisi Nyuguh.

Tabél 3. 1 Format Data Informan

Data Informan	
1. Wasta	:
2. Jenis kelamin	:
3. Yuswa	:
4. Status Kawin	:
5. Alamat	:
6. Pakasaban	:
7. Atikan	:
8. Kalungguhan	:

3. 6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan mangrupa format obsérvasi, pedoman wawancara, sarta média-média pangrojong pikeun ngadokumentasikeun hasil panalungtikan, nya éta kaméra, Hp, jsb. Obsérvasi baris nyoko kana format obsérvasi kawas di handap ieu.

Format Obsérvasi

Téma obsérvasi :
 Lokasi obsérvasi : tgl./jam :

Tabél 3. 2 Format Observasi

Koding	Data/hasil obsérvasi

Pedoman wawancara diantaranya mangrupa patalékan-patalékan. Runtuyan patalékan-patalékan anu aya dina tabél ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih ngalegaan deui. Pikeun nyiptakeun kaayaan anu mernah, patalékan-patalékan henteu merekpek tutuluyan, tapi ngahiji dina guluyurna obrolan anu hampang.

Tabél 3. 3 Daftar Patarosan

No.	Patalékan
1.	Kumaha sajarah ngadegna Kampung Kuta?
2.	Ti Iraha ngadegna Kampung Kuta?
3.	Kumaha sajarahna upacara Tradisi Nyuguh dikampung Kuta?
4.	Sarat naon waé anu kudu aya dina upacara tradisi Nyuguh téh?
5.	Kumaha balukarna mun upacara tradisi Nyuguh teu dilaksanakeun?
6.	Naon tujuan upacara tradisi Nyuguh téh?
7.	Iraha lumangsungna upacara tradisi Nyuguh téh?
8.	Dimana tempatna?
9.	Saha waé nu datangna?
10.	Kumaha prak-prakan upacara tradisi Nyuguh téh?
11.	Sarat atawa palengkep upacara naon waé nu kudu aya dina upacara Nyuguh?
12.	Ajén naon waé nu aya dina upacara tradisi Nyuguh téh?
13.	Ajén palsapah naon wae nu aya dina tradisi Nyuguh téh?
14.	Saha nu mimpin upacara tradisi Nyuguh téh?
15.	Tiap tanggal sabaraha upacara tradisi Nyuguh dilasanakeuna?

3. 7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina nulis panalungtikan ieu kabagi jadi opat léngkah nya éta, léngkah tatahar, léngkah ngumpulkeun data, léngkah ngolah data, léngkah nyusun laporan.

3.7.1 Léngkah Tatahar

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngayakeun survey awal
- 2) Nyodorkeun judul panalungtikan
- 3) Konsultasi jeung pangaping
- 4) Nyusun rarancang panalungtikan
- 5) Ngurus surat ijin panalungtikan

3.7.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina panalungtikan ieu nya éta:

- 1) Obsérvasi langsung ka tempat panalungtikan budaya upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta.
- 2) Ngawawancara, tokoh masarakat anu mikawanoh langsung kana upacara tradisi Nyuguh.
- 3) Studi pustaka kana buku-buku anu bisa dijadikeun referensi kana panalungtikan ieu.

3.7.3 Léngkah Ngolah Data

Data nu tos kumpul di olah ngagunakeun sababaraha léngkah, nya éta

- 1) Mariksa data-data anu tos kumpul.
- 2) Ngadeskripsikeun data-data anu tos kumpul.
- 3) Nyieun kacindekan tina data.

3.7.4 Jadwal Kegiatan Panalungtikan

Sangkan panalungtikan sistematis tur terencana, panalungtik nyieun jadwal kagiatan saperti tabél di handap ieu.

Tabél 3. 4 Tabél Kagiatan Panalungtikan

No	Kegiatan	Waktu																							
		September				Oktober				November				Desember				Januari				Pebruari			
		1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4
1	Tatahar																								
	Studi pustaka																								
	Observasi awal																								
	Pengajuan judul																								
	Pembuatan Proposal																								
	Seminar proposal																								
	Perijinan																								
	Pembuatan Pedoman Wawancara																								
2	Pelaksanaan																								
	Pengumpulan Data																								
	Pengolahan Data																								
3	Penyusunan Analisis data																								
	Nyusun Skripsi																								
4	Pengujian																								
	Pelaporan																								